**दिन—मंगलवार** **दिनांक—12.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय कहलक अछि जे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण प्रक्रिया मे आधार के नागरिकताक प्रमाणक रूप मे स्वीकार नहि कयल जा सकैत अछि। न्यायमूर्ति सूर्यकांत आ न्यायमूर्ति जॉयमाल्या बागची के पीठ बिहार मे जारी मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण के विरूद्ध दायर याचिका पर सुनवाई करैत ई टिप्पणी कयलनि। पीठ कहलक जे आधार कानूनक धारा नओ के अंतर्गत आधारकार्ड के मात्र पहचान पत्र के रूप मे स्वीकार कयल जा सकैत अछि। न्यायालय जनौलक जे नागरिक आ गैर नागरिक सभ के मतदाता सूची मे सम्मिलित करब आ बाहर करब आयोगक अधिकार क्षेत्र मे अबैत अछि। एसआईआर के पूरा प्रक्रियाक एक मात्र उद्देश्य मृतकक नाम भोटर लिस्ट सँ हटायब अछि। पीठ याचिकाकर्ता सँ ई सेहो कहलक जे हुनका चुनाव आयोगक एहि बात सँ सहमत होयबाक चाही जे एखन मतदाता प्रारूप सूची के प्रकाशन भेल अछि। एहि पर दावा—आपत्ति कऽ सुधारक लेल आयोग एक मासक समय देलक अछि। पीठ कहलक जे एसआईआरक पूरा प्रक्रिया जांचक बादहिं एकर वैधता पर विचार होयत। मामिलाक सुनवाई काल्हि सेहो जारी रहत।

---

बिहार मे जारी मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण मुद्दा के लऽकऽ आइ सेहो लोकसभा आ राज्यसभाक कार्यवाही कतेको बेर बाधित भेल। लोकसभाक कार्यवाही अठारह अगस्त कऽ दिनक एगारह बजे धरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल। एम्हर, राज्यसभा मे सेहो एसआईआर के मुद्दा पर विपक्षी सदस्य सभक हंगामाक मध्य सदनक कार्यवाही बाधित भेल।

---

प्रदेश मे मतदाता सूचीक गहन पुनरीक्षण अभियानक दोसर चरणक अंतर्गत बारह दिनक बाद सेहो कोनो राजनीतिक दल मतदाता सूचीक प्रारूप पर दावा—आपत्ति दर्ज नहि करौलक अछि। निर्वाचन आयोगक विज्ञप्ति मे जनाओल गेल अछि जे आम मतदाता सभक दिस सँ तेरह हजार नओ सय सत्तरि दावा—आपत्ति दर्ज कराओल गेल अछि। एहि मे तीन सय एकतालीसक निष्पादन कऽ देल गेल अछि।

————————————————————————————

लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला उच्च न्यायालय के न्यायाधीश न्यायमूर्ति यशवंत वर्मा के विरूद्ध आरोप सभक जांचक लेल तीन सदस्यीय समिति गठित कयलनि अछि। एहि वर्ष मार्च मे न्यायमूर्ति यशवंत वर्मा के नव दिल्ली स्थित निवास सँ पैघ मात्रा मे जड़ल नकदी बरामद कयल गेल छल। लोकसभा मे आइ पहिल स्थगनक बाद कार्यवाही पुनः आरंभ होयबा पर अध्यक्ष ओम बिरला एहि संबंध मे जनतब देलनि।

————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ प्रदेशक बिजली उपभोक्ता सभक संग संवाद कयलनि। वर्चुअल मोड मे आयोजित एहि संवाद कार्यक्रम मे पंद्रह लाख सँ बेसी उपभोक्ता सम्मिलित भेलाह। मुख्यमंत्री कहलनि जे राज्य सरकार वर्ष दू हजार अठारह मे हर घर धरि बिजली पहुंचेबाक लक्ष्य हासिल कऽ लेने छल। ओ जनौलनि जे सरकार उपभोक्ता सभ के चौबीसो घंटा बिजली उपलब्ध करेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री कुमार कहलनि जे एक सय पचीस यूनिट निःशुल्क बिजलीक लाभ शहरी आ ग्रामीण दुनू क्षेत्रक उपभोक्ता सभ के भेटत।

————————————————————————————

राज्य सरकार शिक्षक लोकनिक स्थानातरण के लेल प्रत्येक जिला मे जिला स्थापना समितिक गठनक घोषणा कयलक अछि। समितिक अध्यक्ष संबंधित जिला सभक जिला पदाधिकारी होयताह। जिला शिक्षा पदाधिकारी के समितिक सदस्य सचिव बनाओल गेल अछि।

————————————————————————————

शिक्षाविद कामेश्वर झाक निधन पर हुनक पैतृक गाम मधुबनी जिलाक गनौली मे एक शोक सभाक आयोजन कयल गेल। ओ अंधराठाढ़ी उच्च विद्यालय मे सैंतीस वर्ष धरि अध्यापन कार्य सँ जुड़ल रहलाह आ प्रधानाध्यापक के पद सँ सेनानिवृत्त भऽकऽ समाजसेवा मे लागल छलाह। ओ चौरानवे वर्षक छलाह।

————————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता सँ वर्षाक क्रम जारी अछि। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान पश्चिमी चंपारण, सुपौल, अररिया, किशनगंज आ कटिहार जिला मे किछु स्थान पर अत्यंत भारी वर्षाक पूर्वानुमान जतौलक अछि। ओतहि, पूर्वी चंपारण, शिवहर,

सीतामढ़ी, मधुबनी आ खगड़िया जिला मे किछु स्थान पर भारी वर्षाक चेवावनी जारी कयल गेल अछि।

————————————————————————

प्रदेश मे बाढ़िक स्थिति गंभीर भऽ गेल अछि। दस जिलाक लगभग उन्नैस लाखक आबादी बाढ़िक चपेट मे अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे पटना मे गंगा नदी के उफान पर रहबाक कारणे नव इलाका सभ मे बाढ़िक पानि प्रवेश कऽ रहल अछि। एम्हर, वैशाली, सारण, भोजपुर, लखीसराय, भागलपुर, बेगूसराय, खगड़िया आ सुपौल जिला मे बाढ़िक स्थिति मे कोनो सुधार नहि अछि। आपदा प्रबंधन विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभ मे तीन सय एक्कैस सामुदायिक भनसाघरक संचालन कयल जा रहल अछि। राहत आ बचाव काज मे एनडीआरएफ के छओ आ एसडीआरएफ के आठ टीम जुटल अछि।

————————————————————————

समाप्त